

EGZÈSIS POU EDE NOU DEVLOPE YON VIZYON POU AYITI

Istwa moman PREZAN an

Yon “istwa moman PREZAN” dwe pouse nou reflechi ak anpil ijans sou vizyon nou paske opòtinite ke nou gen kounye a pou nou aji pou bagay yo chanje ka pa janm parèt devan nou ankò. Fòk nou balanse difikilte nou gen kounye a ak opòtinite pou nou gen yon demen miyò.

Istwa moman prezan pa w la

- 1. Defi:** Istwa n ap rakonte yo ka rann defi a reyèl
- 2. Rezilta:** Yon imaj efreyan de sa ki ka rive pi devan si nou pa fè anyen (yon kochma) oswa yon bèl imaj de sa ki ka rive si nou aji (yon bèl rèv)
- 3. Chwa:** Yon chwa estratejik ki chaje ak espwa e ke chak moun ka fè kounye a pou ede nou rezoud pwoblèm nan

Devlope yon vizyon ki pral kreye emosyon

SA KI ANPECHE AKSYON	SA KI MOTIVE AKSYON
PASIVITE	IJANS
ABSANS SANSIBLITE	KÒLÈ
PERÈZ	ESPWA
IZOLASYON	SOLIDARITE
LÈ MOUN DOUTE TÈT YO	OU KA EDE KREYE CHANJMAN

Devlope vizyon endividyèl— Nesesite pou mobilize

1. Reflechi pou kont ou pou ki sa tèl ou tèl defi oswa tèl ou tèl vizyon enpòtan pou wou
2. Kreye yon imaj de ijans ki genyen kounye a epi eseye kreye emosyon
3. Chwazi yon patnè
4. De (2) minit pou nou chak kominike vizyon nou epi de (2) minit pou nou chak bay fidbak

Soti nan pasivite ale nan vizyon

1. Fòme ti gwoup piti pou nou brase lide sou ki meyè fason pou nou defini yon bagay nou vle kreye pou Ayiti. Sa ka an rapò ak yon pwojè w ap travay sou li kounye a oswa yon nouvo vizyon tou nèf.
2. Ti gwoup yo pral fè prezantasyon, epi moun pral kanpe bò kote prezantasyon ki pi motive yo a.
3. Kreye 3 kolòn sou yon gwo fèy papye (“flip chart”).
4. Nan kolòn # 1 a, mete tout rezon ke ou panse ki ka fè w pa ka rive kote w vle rive a.

Soti nan pasivite ale nan vizyon

5. Nan kolòn # 2 a, mete pwèn ki opoze nè yo. Pa egzàn: Sipoze ou te gen mwayen san limit. Ki sa w te ka reyalize vre? Ki sa w tava fè yon lòt fason reyèlman?
6. Nan kolòn # 3 a, mete sa ou te ka anmezi fè tout bon vre kounye a pou konbat kolòn # 1 a epi pou reyalize kolòn # 2 a.
7. Chache lòt moun nan sal la ki te ka ede w epi pase kontra pou 2 ou 3 bagay pou nou fè ansanm tousuit. Pran angajman konkrè epi fè yon plan pou nou poze aksyon konkrè pou reyalize sa n deside fè a.
8. Refè #7 la avèk yon lòt ekip.
9. Prezante rapò w.